Hoofdredacteur:
Bakrie Soeraatmadja
Redacteurs:
Mo. Soetisna Sendjaja
A. S. Tanoewiredja
(Keur njaba).

# „SIPATAHOENAN"

Dikaloearkeun koe Pagoejoeban „PASOENDAN" tjabang Tasikmalaja
Saban dinten kadjabi Ahad sareng dinten noe dimoeljakeun

*Adres: REDACTIE & ADMINISTRATIE Pasarkolot 47a, Tasikmalaja*

Telefoonnummers:
Redactie & Administratie No. 131 — Drukkerij No. 51
Saparantos toetoep Kantoor
BAKRIE SOERAATMADJA No 131 — A. S. TANOEWIREDJA No. 121

ADVERTENTIE: Sadjadjar kolom f 0.30 pangsaeutikna sakali moeat f 3.—. Harga langganan badami.

PANGAOS LANGGANAN: 1 sasih f 1.70, sakwartaal f 5.—, loear Indonesie f 7.50, pembajaran ti pajoen.

Vertegenwoordigers
RECLAME BEDRIJF ANETA
Weltevreden.
DE GLOBE — Amsterdam.

## Ir. Soekarno

### tatjan terang dosana

### Aid de P. B. beinvloedend ka rechter.

Lamoen oerang ngabandingkeun verslagna papariksaan Ir. Soekarno cs beunang redactie lid Aid De Preanger Bode djeung Sipatahoenan, nadjan enja dina soeal djawabna saroea, tapi dina pamandanganana mah aja bae bedana djiga pisan itoe mah noe beinvloedend ka rechter Moen teu salah dina Aid aja omongan noe njanjahoanan padjarkeun teh pihak Haen di Oost Priangan ajeuna keur sasadiaan lamoen Ir. Soekarno bebas, rek njieun tjatjarekan.

Ti mana meunangna bedja kitoe? Koe oerang beunang dianggap isepan djempol bae, sok pirakoe nadjan enja oge redactie Aid paham kana pergerakan politiek nepi ka ngeleh keun atawa miheulaan njaho batan oerang Pasar Kolot.

Nepi ka ajeuna tatjan kadenge naha di Garoet atawa di Tasikmalaja, aja noe rek kikitoean lamoen enja Soekarno rek dibebaskeun.

Bisa djadi pang Aid njeboetkeun kitoe teh ngan ngahatean ka rechter, soepaja ngandelan kana panasaranana Mr. R. Siegerbeek van Heukelom dina mapaj laratan kasalahanana Ir. Soekarno, pantes pisan kaha jangna soepaja Ir. Soekarno cs. kahoekoem.

Dina ieu Sipatahoenan geus 3 poé ngamoeatkeun verslagna papariksaan landraad di Bandoeng. Koe sakabeh langganan nepi ka poé ieu mah bisa di djoegdjoegan jen kategeranana Ir. Soekarno ditanja koe rechter henteu matak njoelajakeun djawabanana reudjeung boektina noe bener.

Bisana Ir. Soekarno kahoekoem, bisa djadi lamoen s i d i k jen P.N.I. ngabogaan maksoed rek ngaroentagkeun Pamarentah Walanda, ngamerdikakeun tanah Indonesie koe djalan geweld paksa piroesa, tegesna koe bau djir getih.

Ketjap revolutionair djeung hoeroe hara meh sirikna teu di toelap tilep nanjakeunana President ka noe didakwa, sanadjan geus sakitoe etjesna oge diterangkeun, jen Ir. Soekarno ngapalaanana P N.I. madjoe kana kamerdikaan teh ngan koe djalan p e r t j a j a kana zelfhelp djeung autoactiviteit bae.

Haloean P.N.I. revolutionair, memang koe Ir. Soekarno di enjakeun, tapi maksoedna di dieu djaoeh pisan djeung alesannana dakwaan.

President ngadesek menta di terangkeun naha di mana ajana revolutionaire partij noe diachirna henteu ngabidjilkeun getih.

Koe Ir, Soekarno diterangkeun jen ajana parlement di England teh sanggeusna Glorious Revolution dina taoen 1688, tapi sama sakali henteu koengsi ngaloearkeun getih. Toeloejna diterangkeun jen revolutie dina badan P.N.I. teh maksoedna ngagantjangkeun kana waktoe.

Nepi ka poé ieu hasilna tina ieu papariksaan teh teu atjan aja noe matak ngabeuratkeun ka sakitan, hartina noe didakwakeun ka Ir. Soekarno teh tatjan sah.

Saksi saksi noe kabaoed kana ieu perkara kabehna aja s a r a t o e s t i l o e w e l a s, tangtoe saolah olah pipakarangeun noe mariksa.

Tapi nadjan enja saksi saksina dilobaan, malah oepamana bae beunang meting noe pibisaeun ngabeuratkeun ka sakitan, oerang koedoe teteg hate kana vrijspraakna ieu opat leider, lamoen eta saksi saksi tea njaritana teh kalawan kanjahona noe bener, henteu dikoerangan atawa dileuwihan.

—o—

## PAKASABAN

### Waugkongan Kandjeng Dalem Serang.

Bank Tani di Nagara Walanda (Boerenleenbanken).

Dina malem Salasa, sawatara dinten kapengker, di Pandopo Kaboepaten, Kangdjeng Dalem Serang geus medar tjarios, njarioskeun saeutik eutikeun tina noe kapendak koe andjeunna di Nagri Walanda, noe sakinten aja mangpaatna geusan bangsa oerang; didarangoekeun koe sadaja prijaji sawewengkon Kaboepaten Serang.

Samemeh medar noe djadi djeudjeurna kasaoeran, minangka boeboekana Kdj. Dalem nimbalkeun jen moenggoeh noe djadi prijaji teh salian ti ngadjalankeun roepa roepa pagawean anoe bakoe kalawan benerna, saperti ngawalon soerat soerat, ngentjengkeun panarikan roepa roepa padjeg, ngoeroes perkara kapoelisian d.s.t., deui perloe pisan dipalikir sarta diaringetkeun koe sarerea, jen aloes kabina bina lamoen pada narekahan njieun daja oepaja geusan ngamadjoekeun kahiroepan djelema.

Noe djaradi Tjamat (Assistent Wedana) atawa Wadana mah istoe baroga kalonggaran anoe gede pisan geusan ngedalkeun maksoed ka djelema djelema teh atawa ngabedjer beaskeun tjita tjita anoe katoong gede mangpaatna ka rahajat, sing nepi ka kahalartieun sarta nantjeb njetjeb kana ati sanoebarina soe grining pangeusi desa, sabab sapopoe prijaji bisa tjampoer gaoel anoe sakitoe deukeutna ka somah.

Koe sabab eta koedoe pada daek tjape leah awak, ngider sakapeung kapeungeun sambijan migawe dines, ngawangkong djeung sawatara pangeusi desa nerangkeun naon naon anoe baris mangpaat pikeun maranehanana. Kalakoean kieu teh pikeun noe djaradi Tjamat, Wadana mah djadi hadena, sabab bisa meunang kapertjajaan ti somah, anoe biasa sok mang mang ngedalkeun noe dikandoeng dina sanoebarina, lantaran djeung noe djadi kapala koerang lomana tea. Katoeroeg toeroeg bisa silih seblokkan panemoe, kanjaho djeung salian ti eta anoe pimangpaateun boh pikeun somah boh pikeun noe djadi kapala.

Meungpeung oerang pada boga kawadjiban dipapantjenan ngaheujeuk ngoeroes nagara sabawahanana sabawahanana, djadi oerang sewang sewang pada boga kasempetan geusan soson soson ngaloearkeun tanaga ka lawan ichlasna pikeun kaperloean somah anoe aja dina djero tjangkingan oerang. Enggoning oerang meunang 3—4 taoen ngantjik ngaheujeuk district atawa Onderdistrict teh atoeh sabisa bisa sing aja tapakna, sing aja boektina anoe nembrak katangen woedjoedna kaala hasilna koe sarerea (tastbare resultaten), nja eta minangka tjirina jen oerang njaah ka djelema, boektina oerang geus ninggalan hidji hidjieun djalan kahiroepanana.

Oelah boga pikiran: „asal djalan pagawean noe kakoe roeng koe boeroeh woengkoel !".

Kapan sageuj teu pada tarerang jen moenggoehing noe djadi kapala tea, ti babaheula ti djaman tjatjing doea sadoeit geus diseboetkeun bapana noe djadi ra'jat, djadi satintjak sapari polah teh koedoe bari ngingetkeun kanjaah ka somah sabawahanana, tjara bapa njaah ka anakna.

Tapi, enggoning milih djalan anoe mana anoe katimbang perloe geusan nambahan oesahana djelema teh koedoe ati-ati pisan, oelah koerang-koerang make pikiran djeung timbangan anoe sehat, bisi njokot djalan anoe matak roegi ka djelema. Anoe matak koedoe asak sasar, asak babadamian, oelah soengkan tataros ka achlina (deskundigen), sarta sing ajem tengtrem ngadjalankeunana soepaja tjaina herang laoekna beunang. Katoegenah hate somah koedoe diraksa di djaga pisan.

Dina prakna ngadjalankeun tarekah saroepa kieu noe djadi kapala teh koedoe daek tjape kalawan ichlas hate, hartina oelah aja pangarah naek pangkat bae, atwa ngarah panarima kasih djeung poedjian ti Pangagoeng woengkoel, tapi koedoe inget kana kaperloean somah, inget kana aloes boewahna eta djalan noe keur dipilampah tea, oerang teh koedoe ngaharep pisan sangkan baring soepagi bisa ngarasa jen enggoning hiroep di doenja bari njangking kapangkatan teh a j a g o e n a n a pikeun kantja papada manoesa.

Eng·e oerang tanwande meunang kasoegemaan rasa (voldoening) koe ngadenge atawa nendjo boewah tanaga oerang anoe sakitoe ngoentoengkeunana atawa mangpaatna pikeun djelema rea. Bisa djadi hasilna djalan beunang oerang tipoporose teh, henteu kapanggih koe oerang harita keneh, nja eta waktoe oerang masih aja di eta tempat, tapi henteu matak koemaha, sabab nadjan oerang geus djaoeh oge moal boeroeng tetep ngaran oerang anoe dipinoehan koe soegri noe ngarasa oentoengna, moal boeroeng ngaran oerang keneh anoe bakal ngoeliah seungitna, sabab pang aratoh pang aroentoengna teh lantaran tanaga oerang.

Ana kadenge koe oerang ti kaanggangan geus pinasti oerang oge miloe ngeunah miloe soegema hate, boga rasa enggoning ngantjik di alam pawenangan teh awak oerang aja oge goenana sa eutik eutikeun sasama manoesa.

Nilik kaajaan di Serang, poe goeh soesah pisan milihna djalan atawa paoesahaan naon anoe sakira-kira bisa koe oerang di petakeun kalawan hasilna, sarta henteu matak ngaroegikeun ka somah, tapi sanadjan kitoe oelah weleh-weleh oerang ngilengan akal tarekah sangkan manggih pioesahaan pikeun hoeloewotan pakasaban noe djadi rahajat.

Ari noe djadi babakoe noeroet kaajaan anoe katendjo djelema djelema teh di dieu hese mareunang pimodaleunana.

Bener bisa ngindjeum tea mah ti Arab, ti bangsa Tionghoa atawa ti bank, tapi rentenna gede teuing, biasana henteu nanding kana gedena bati djeung karipoehan enggoning migawena. Toengtoengna pangasilan sa eutik eutikeun teh beak koe renten bae henteu sabaraha noe kahakan mah, soemawona keur nambahan modal mah euweuh pisan, anoe matak boh dagang boh tani teh ngemblek dina kaajaan malarat bae, djigana taja pisan kamadjoeanana, da modalna tea keur noe batoer teh katoeroeg toeroeg gede rentenna, toer koedoe boeroe boeroe dibajarna.

Anoe matak di Nagara Walanda mah koe patanen patanen teh pohara dipalikirna koemaha akalna soepaja babari mareunang doeit, sabab geusan ngamadjoekeun tatanen teh tangtoe pisan koedoe sadija modalna anoe:

1. babari katarimana,
2. moerah rentena (goedkoop crediet)
3. henteu koedoe boeroe boeroe teuing dipoelangkeunana (doelmatige en niet drukkende termijnen van terugbetaling).

Djalan anoe njoemponan kana ijeu hal hal anoe tiloe roepa teh nja kaparanggih oge, nja eta koe ngadeg ngadegkeun Bank Tani (Boerenleenbanken). (Baris disamboeng).

*Ngalanggan Sipatahoenan sami sareng ngabela ra'jat — katoet lemah tjaina. —*

## PRIANGAN

### Mutatie.

Dibenoem kana schrijver 1e. klas dibantoekeun ka Regent Garoet, Joesoep alias Atjoe, tadina schrijver di kawadanan Tjidjoelang kakara kaloear ti cursus mantri politie di Soekaboemi.

Idem ka Regent Tjiamis, Mas Abdoelkarna Wargasoedirdja, samemehna kana cursue djadi schrijver 1e. klas di kantoor kaboepaten Tjiamis,

—o—

### Boedak sabenerna pitjontoeun

Isa moerid 2e. kl. Inl school di Tjiawi (Tasikmalaja), dina poè Salasa kamari kira poekoel satengah sawelas nimoe doeit f 5. (wang kertas) salambar tina kas roentah hareupeun hidji toko tionghoa.

Eta doeit koe manehna disanggakeun ka djrg. Mantri Goeroena.

Ajeuna eta doeit geus aja di tangan politie Tjiawi, baris di salabarkeun.

—o—

### Paling di Tasikmalaja.

Dina malem Rebo kamari Loerah desa Tasikmalaja, kira diam satengah doea peuting geus kaandjangan koe semah noe teu diarep arep. Djaba ti bangsa emas djeung doeit padjeg aja oge rovolver milikna salah sahidji Tionghoa noe keur di oeroeskeun di desa, geus dibangsat, sadjoemblahna moal koerang ti harga f 500.—

D: Kamp. Babakan domba henteu djaoeh ti gedong karesidenan oge aja noe kapalingan, malah di sedjen kampoeng oge, di djero kota aja deui. Djadi dina peuting eta teh aja 3 lawang noe maroendel pisan.

Koe activiteitna politie oerang kord e pertjaja, sok pirakoe make teu beunang.

—o—

### Lowongan di kaoem Tasikmalaja.

Djrg. M. Adipradja sarat kaoem Tasikmalaja dina malem Senen kamari geus moelih ka rachmatoellah, dienstna moal koeranh ti 35 taoen, ngiring se dih ka achlina reh di kaoem Tasikmalaja teu aja atoeran pensioen.

Koe ajana ieu lowongan tangtoe aja noe atoh, babakoena pagawe kaoem noe kapangkatanana sahandapeun djoeragan M. Adi pradja. Tapi moal kabeh, noe teu boga gogol di loehoer mah, teu beda djeung ngadjoel boelan koe asiwoeng (Merebot).

Ti r e d a c t i e:

Kadjadian pilih kasih atawa ngaheula heulakeun noe djadi koelawarga, djigana ajeuna mah geus meh teu aja, tangtoe ngarangsod rangsodkeunana teh noeroetkeun ranglijstna, djeung geschiktheidna bae.

Djrg. Merebot! moega oelah tjangtjaja kana pangadilanana Kdj. Boepati djeung djrg. Hoofd panghoeloe dina oeroesan eta.

—o—

### Perkara hormat.

Dina Sip. No. 182 geus aja artikel tina perkara hormat, nja eta njantel kana motie P. P. B B. dina congres di Solo.

Anoe djadi babakoe, pamanggih Hormatcommissie, prak prakan anoe henteu meunang didjalankeun dina djero dienst teh nja eta:

1. njembah ka saha oge
2. tjingogo.
3. mere soengkem.
4. ngalaan selop atawa sapatoe anoe ngandoeng maksoed mere tanda kahormatan.
5. make basa priboemi ka bangsa Walanda, lamoen bisa matja noelis djeung ngomong basa Walanda.
6 njeboet „kangdjeng" ka saha oge, tjoekoep koe „toean" bae.
7. dina waktoe koempoelan djeung ambtenaar ti sedjen golongan, bangsa naon bae mere tempat anoe henteu merenah djeung daradjatna saoerang oerangna.
8. dina waktoe rek ngadeuheus ka Chefna dibere tempat (wachtgelegenheid) anoe samata mata henteu sapadan djeung daradjat anoe rek ngadeuheusan.
9. diparentah make papakean anoe tangtoe kadjaba papakean anoe ditetepkeun koe pamarentah.
10. dina koempoelan oemoem istri prijaji diparentah make badjoe anoe beunang netepkeun, atawa moeka selop.

Patjantel reudjeung poetoesan congres tea Dalem Bandoeng geus ngadamel soerat ideran pikeun prijaji sakabopaten Bandoeng, nerangkeun jen andjeunna katjida moepakatna kana pamanggihna hormat commissie, sakoemaha anoe kaseboet diloehoer ieu, sarta andjeunna menta ka sakabeh prijaji soepaja ieu atoeran didjalankeun. Diti timplikan lain woengkoel ti handap ka loehoer, tapi anoe djadi babakoe ti loehoer ka handap, Soemawon koe sindir sampir sanadjan koe rindat oge henteu meunang nembongkeun jen saenjana mah anoe djadi Chef teh masih keneh pandang dihormat loear garis.

Babakoena dina djero dienst. Dina loear dienst (partikoelir) eta mah terserah ka anoe rek ngadjalankeun bae, adat mana anoe rek dipakena. Oepama ngadeuheus ka kaboepaten dina djero waktoe dienst, ti poekoel 7 isoek isoek nepi ka poekoel 2 beurang, prak prakanana anoe ditjela koe djaman teh k o e d o e disingkahan.

Sakitoe eusina eta circulaire teh.

Memang moepakat pisan. Saenja enjana mah sanadjan pamarentah dina sapoè ngaloearkeun 100 oge sirkoelir njaram teu meunang mere hormat anoe loear biasa, oepama B o e p a t i n a masih keneh resep dikitoe kitoe mah, moal bisa leungit eta slaafsche eerbied betoon teh.

Babakoena anoe djadi Boepati anoe koedoe merean ka sahandapeun teh, oelah ari dina tjarita mah emboeng dioegoeng oegoeng doemeh era koe batoer tapi ari kelet goreng. Masih keneh di priangan aja bopati anoe tara mere tempat ka bawahanana anoe henteu sapadan reudjeung daradjatna. Soemawona ka pangkat tjamat wadana atawa Haen mah kapan papatih oge sok didioekeun dina samak sa heulaj tara daek mere korsi. Soegan ajeuna mah pirakoe masih keneh bae aja anoe kitoe. Soegan eraeun koe batoer.

Goeha hormat geus moeka, lawang sigotakana geus diroedjad hatoer noehoen ka promotorna.

R. A.

—o—

## PERKARA OPAT LEIDERS P. N. I.

Papariksaan dina poé katiloe tanggal 30 Augustus 1930.

Dina poé ieu reana noe lalajo angger keneh bae, tapi sakoemaha noe enggeus bae rea anoe henteu meunang asoep, malah mimitina mah noe meunang asoep teh ngan familiena sakitan sakitan djeung Journalisten bae. Tapi saenggeusna rada lila aja opat lima noe sedjen arasoep. Perdjagaan politie tetep sakoemaha noe enggeus bae.

Noe mariksa, Voorzitter, Griffier djeung leden eta keneh.

Advocaten noe datang Mr. Sartono djeung Mr. Sastromoeljono.

Poekoel 8.15 sakitan sakitan sina asoep, Landraad toeloej ngamimitian.

Pres: Naha eta Propagandist teh meunang ngasoepkeun djalma djalma djaradi lid tina P. N. I.?

Sakitan: Meunang.

Pres: Koemaha djeung dimana, eta Propagandist narimana djalma noe rek djadi lid?

Sakitan: Di Clubhuis koe manehna ditjatet ngaran ngaranna noe rek djadi lid tea, sarta kalawan aja advisna lid noe geus heubeul atawa candidat lid, Propagandist mere tjatetan ngaran ngaran tea ka Secretaris sarta engke di tetepkeun ditarima henteuna.

Pres: Naha di oengal kampoeng aja Clubhuis?

Sakitan: Di dieu di Bandoeng di djero kota, di Gadobangkong, di Lembang di Andir, di Rantjaekek djeung diDajeuhkolot. Di sedjen tempat di Priangan noe aja Clubhuis diTjiandjoer djeung di Soekaboemi.

Pres: Naha eta Propagandist teh datang sorangan ka imah imah di kampoeng kampoeng?

Sakitan: Biasana mah henteu, ngan sok datang ka Clubhuis bae.

Pres: Naha eta Propagandist teh sok ngantjam ka djalma djalma noe teu daek djadi lid, eng kena bakal meunang tjilaka?

Sakitan: Henteu aja antjaman, lamoen aja noe kitoe koe bestuur dilarang.

Pres; Naha lid teh ditetepkeun koedoe mawa candidaat leden sarta ditetepkeun reana?

Sakitan; Sabisa-bisa leuwih lade mawa candidaat leden, tapi henteu dikoedoekeun, sarta henteu ditetepkeun reana

Pres: Di mana ari tjabang-tjabangna P.N.I.?

Kana ieu pertanjaan sakitan njeboetan tempatna tjabang-tjabang djeung candidaat tjabang tjabang djeung kringen P.N.I.

Pres: Saha biasana noe njieun biantara dina cursus vergaderingen?

Sakitan: Babakoena koering sorangan, tapi sok dibantoe oge koe sakitan No 2, 3 djeung 4 djeung koe sawatara candidaat propagandist noe sedjen, tapi kalawan koedoe meunang idin heula.

Mr. Sartono (advocaat) menta ka President soepaja ieu pertanjaan diteroeskeun kana onderwerp dina Leiders cursus djeung leden cursus.

Pres: Naon noe sok diadjarkeun dina Leiders cursus?

Sakitan: Noe sok diadjarkeun dina Leiders cursus, nja eta perkara Staatskennis, Administratie recht, historisch en theoritisch economie, Algemeene theoritische beschouwingen, bab kapitalisme djeung imperialisme, ieu kabeh diterangkeun koe koering sorangan. Djoeragan Manadi sok nerangkeun leden cursus bab democratie, populaire uiteenzetting van beginsel program, kolonisatie, leer der fasen over de noodzakelijkheid van tani, nationalisme en natie, populaire uiteenzetting van kapitalisme en imperialisme.

Pres: Naon perloena make aja Cursus commissie?

Sakitan: Di tempat tempat anoe leutik henteu aja cursus commissie, noe aja ngan di tempat tempat noe galede bae, oepama bae di Soerabaja djeung di Jacatra, ari diloeloegoeanana koe djalma djalma anoe terpeladjar bae.

# Onze Koloniale Staatkunde

## Albarda in de tweede kamer.

Pangangken kana hak merdika kabangsaan teh - saoer djrg. Albarda aja hartina noe sedjen; nja eta oerang sarerea nganggap „m e u n a n g" (geoorloofd) kana toedjoean (streven) kana eta kamerdikaan, sarta oerang koedoe mere djalan noe laloeasa.

Sakitoe bedana djeung toean toean anoe salasaoeran dina poé Kemis toekang. Ari arandjeuna mah kana toedjoean teh teu kersa mere djalan anoe lega; arandjeunna teu kersaeun moe kakeun lawang, djalan anoe noeroetkeun wet pikeun ngoedag maksoedna; arandjeunna ngabenerkeun teu mere djalan atawa njinggetan djalan ka rahajat pikeun ngareboet tjita tjitana noeroetkeun wet (legealen strijd), arandjeunna narima djeung soerak rame, lamoen meungpeuk (onthouden) ka rahajat pikeun njarita, dina koempoelan, dina soerat kabar djeung bahan politiek anoe perloe pikeun ngaboelkeun tjita tjitana. Arandjeunna ngalampahkeun hidji politiek anoe tjeuk koering mah „politiek nahan" (onderdrukkings politiek.

Di Indië geus aja onderdrukkings politiek teh sarta geus mangtaoen taoen, pikeun nahan Indonesische-volksbeweging.

Tina ieu bangkoe koering geus ti taoen 1917 moela ngabedjaan tina perkara onderdrukkingspolitiek, barang geus katendjo alamat datangna poelitik noe matjem kitoe. Harita koering ngabedjaan pamarentah sarta ngomong: mangkahade, andjeun milampah hidji anoe moal lila teu kalawan bahlana; andjeun milampah hidji djalan, anoe bakal pinanggih djeung roepa roepa balahi.

Oenggal oenggal taoen eta pangbedjaan teh diomongkeunana. Ka Minister noe ieu keneh koering geus ngelakkeun politik Nederland djeung politik Indonesia; politik anoe teu mere djalan ka oerang priboemi pikeun mareboetkeun tjita tjitana kalawan make djalan oemoem (legale wijze).

Dina boelan April 1919 koering geus pok nenata djalan ka longgaran pikeun oerang priboemi djeung ngabedjaan onderdrukkingspolitiek. Toean de Graaff, Minister noe ajeuna tangtoe emoet keneh kana pangbedjaan koering kana ketjap ketjap koering noe nares tina hal ieu.

⁂

Kana kasaoeran ieu djago Socialist ti pehak kaom nationalist priboemi geus moal bisa nambahan deui, ngan ngaenjakeun koedoe kitoe, bener matak tibra matak djongdjon koe djalan kitoe mah, enggoning ngoedag kakoerangan teh. Sarta lamoen toedjoeanana noe ngoeroes herang tjaina beunang tjaina mah, moal salah papatah djrg. Albarda teh wadjib di toeroetna. Ngan bae sanadjan sang Besar dina opening Volksraad taoen 27 asana, geus sasaoeran jen andjeunna als rechtgeaard Nederlander ngabenerkeun kana toedjoeanana Indonesische nationalisten, roepana bae teu pati karasaeun brobroanana koe djelema djelema teh.

Pangadjaran H.I.O. anoe sakitoe dipikaboetoehna pikeun bahan ngoedag tjita tjita tea; ajeuna geus diantjam bahla anoe sakitoe gedena. Bab ekonomie teu aja karasana pale bah mana dipadjoekeunana.

Boektina geuning tjeuk djrg. S o e a n g k a p o e n di Volksraad mah, landbouw voorlichtingdienst teu aja deui ladjoena kadjaba ti njieun roepa roepa pertjobaan; malah pertjobaan oge loba noe beak dirandjah koe sato atawa koe hama. Di palebah mana atoeh dipadjoekeunana!? Geura babadamian rerempoegan roepa roepa pakoempoelan teu weleh dihalang halang koe sawareh mah; geus komo koempoelan noe soempoet salindoeng, tjatjakan noe tjaang nembrak oge teu weleh diintip intip.

Tjek kaom P a d e r l a n s e u, sanadjan karasana koe oerang geus sakieu eungapna, sarta koe djrg. Albarda diseboet „onderdrukkingspolietiek," tapi ari tjek Fruin anoe geus katjeloek tea, masih keneh koerang pageuh tjangreudna: ngomongna oelah sina tjatjalawakan, koempoelana na oelah sina laloeasa; soerat kabarna oelah ngasoet-ngasoet. Roeroepaan kahajangna teh, hajang ngaleungitkeun doenja priboemi.

⁂

Dina poé Kemis toekang — saoer djrg. Albarda teh — toean Colijn geus mamatahan teu pantes ka toean de Graaff, madjarkeun teh andjeun oelah beunang kabawa-bawa koe djalma repoelisioner atawa noe hajang madjoe (vooruitstrevenden).

Lamoen toean Colijn dina kabehdieunakeun loba kanjahona kana ka ajaan Indië tjara koering sarerea tangtoe moal kitoe ngomongna ka toean de Graaf. Ari nantjak ka djelema anoe sakitoe teu kaopanana, atoeh moal salah teurakna eta papatah teh. Tapi ari kana panoehoen koering mah tara malire, sakitoe digeuing jen salah djalan poelitikna teh matak noengtoen kariboetan, malah djawabna „w a h t e u n a o n n a o n, m o a l k o e a k i e u". Lamoen aja bom dibaledogkeun madjarkeun teh p e p e t a s a n. Kana roepa² alamat teh emboeng njaho, teu njaho kana kamadjoeanana, malah sawatara taoen ka toekang koe oering dipokkeun pisan politiek andjeun matak ngaroeksak pikeun Indië.

Noe matak hal ieu koe koering ditjaritakeun deui lantaran dina Memorie van Antwoord koe Minister diseboet, naha kadjadian kadjadian di Indië noe ajeuna teh boeahna poelitiek anoe salah tea? Djadi kapaksa koering ajeuna koedoe ngompres minak na Minister. Koering geus ngomong: „Andjeun ngadjalankeun onderdrukkingspolitiek ka pakoempoelan oerang priboemi. Panghasil-hasilna andjeun ngan oekoer djiga leungit eta beweging teh, tapi akarna djeung djangkarna beuki nga raksoek, anoe leuwih matak bahla keur rahajat, keur andjeun. keur Nederland djeung verhoudingna Nederland djeung Indië ti batan koempoelan oemoem sarta make djalan anoe noeroetkeun wet.

⁂

Tah sakitoe poksangna, tog molna ari di perlement batoer mah. Sanadjan koe minister geus teu diambil poesing, tjeplak-tjeplak bae teu aja noe di ding ding kelir.

Koemaha ari di R.R. oerang? Beu . . . . . amboe . . . . , ngomong koedoe dianggit, tata koe doe dirarampa, sanadjan ketjap lemes, ari eusina ngageunggeureuhkeun, pikeun sawareh Voorzitter mah, tjek . . . . ngabaeu dan moelan malen, boga rasa ditjaloentang, asa ditjoo sirah madjarkeun teh. Tjing atoeh deuleu koemaha ari di batoer, benerna mah!

---

Pres: Naha Hoofdbestuur noe mere parentah, pangadjaran naon noe koedoe diadjarkeunana?

Sakitan: Henteu, sabab koering geus tjoekoep pertjaja kana kapinteranana.

Pres: Naon sababna noe matak ngajakeun Cursus commissie?

Sakitan: Bab ieu ngantet kana voorstelna tjabang P.N.I, di Palembang djeung Jacatra, anoe geus ditetepkeun dina congres.

President toeloej nembongkeun hidji boekoe toelis, eta boekoe noe bogana Hadji Abdoel Hamid.

Pres: Djoeragan wawoeh ka Hadji Abdoel Hamid?

Sakitan: Enja koering wawoeh ka Hadji Abdoel Hamid, manehna Secretaris P. N. I. di Aer itam, tapi kana ieu boekoe samasakali koering henteu tenget.

Pres: Naha ieu boekoe teh eusina sagala pangadjaran ti Djoeragan?

Sakitan: Ieu boekoe bisa djadi tjatetan manehna sorangan bae, lain pangadjaran ti koering.

⁂

President toeloej matja eusina boekoe Hadji Abdoel Hamid tea, nja eta bab koloniale politiek etisch politiek, opendeur politiek ampat matjem imperialisme jang meradja lela di Azia, bab natie djeung nationalisme.

Pres: Naha djrg. enggeus njaritakeun perkara ieu dina cursus?

Sakitan: Enja koering sok njaritakeun eta.

Pres: Saha noe njieun toelisan toelisan bab noe tjikeneh, dibatja dina ieu boekoe?

Sakitan: Bisa djadi noe ngeusianana Hadji. Abdoel Hamid sorangan, da ari koering mah, njaritakeun noe kitoe soteh, sama sakali tara bari ngasoet (ngangsonan kana teu poegoeh), tapi bisa djadi Hadji Abdoel Hamid njieuana ieu boekoe teh ngantet kana ajana cursus.

Pres: Dina ieu boekoe diseboetkeun imperialist kolonisatie teh nja eta noe make paksa pirocsa djeung tipoe daja, noe ngadjadikeun kasoesahan ka oerang Indonesia. Pangeran Diponegoro ngalawan njieun karaman sabab koe desekanana imperialist kolonisatie tea. Cultuurstelsel noe maksa ka oerang koedoe digawe keur kaperloeanana imperialistische stelsel. Naha Djrg. enggeus njaritakeun noe saroepa kitoe?

Sakitan: Henteu, tapi koering mah njaritakeun bedana kolonie, arbeids kolonie djeung imperialistisch kolonie. Ari njaritakeun Pangeran Diponigoro beda pisan henteu tjara noe aja dina eta boekoe. Koering osok njaritakeun bab pangadjaran, nja eta onderwijs Taman Siswo anoe diloeloegoean koe Djoeragan Soeardi Soerjaningrat.

Tjindekna eusina eta boekoe rereana ditampik koe sakitan.

⁂

Pres: Naha Djrg. enggeus njeboetkeun jen imperialisme teh moal bisa mere kamerdikaan?

Sakitan: Enja enggeus, sabab imperialisme teh henteu bisa djadi bakal mere kamerdikaan koe karepna sorangan.

Pres: Di mana Djrg. enggeus njaritakeun bab eta?

Sakitan: Dina Debattingclub di Pakalongan djeung di Bandoeng.

Pres: Saha noe djaradi lid tina eta Debattingclub teh?

Sakitan: Kabeh lid P. N. I. tapi ari bestuurna mah bestuur eta Club bae.

Pres: Saha noe meunang djaradi lid P.N.I. teh?

Sakitan: Sakabeh bangsa Indonesia anoe oemoerna geus leuwih ti 18 taoen.

Pres: Saha noe netepkeun candidaat lid?

Sakitan: Afdeeling bestuur, tapi di Bandoeng koe koering sorangan.

Pres: Koemaha Djoeragan nimbang nimbangna lamoen rek nolak candidaat lid?

Sakitan: Lamoen koering meunang laporan jen eta candidaat lid teh henteu hade kalakoeana na atawa henteu beunang dipertjaja.

Pres: Naha enggeus rea anoe ditolak?

Sakitan: Henteu rea.

Pres: Geus sabaraha kali Djoeragan nolak candidaat lid?

Sakitan: Koering henteu inget, ngan bae lamoen geus katalandjoeran asoep djeung engkena kanjahoan matak ngaroeksak ka ieu party toeloej manehna dikaloearkeun.

Pres: Naon sababna make aja noe dilepas?

Sakitan: Saperti kadjadian di Rantjaekek, hidji lid dilepas lantaran disangka kana perkara ngabongkar, hidji lid di Bandoeng sabab ngabogaan tjita tjita communistisch djeung aja deui djaba ti eta.

Pres: Naha rea lid atawa candidaat lid anoe digarawe di Gouvernement?

Sakitan: Enja, rea.

Pres: Naha dina kalangan Bestuurleden aja Gouvernements ambtenaar?

Sakitan: di Bandoeng henteu aja, tapi di Jacatra mah aja.

Pres: Naha Djrg. geus njoba njoba ngadjakan ka Gouvernements ambtenaren sina djaradi lid P. I. N.?

Sakitan: Henteu.

Pres: Dina golongan diens naon, noe pangreana djaradi lid P.N.I.?

Sakitan: Di Werkplaats S. S. di Departement di Hoofdbureau S.S., G. B. djeung di sedjen-sedjen dienst.

Pres: Naha aja machinisten, condecteurs djeung pagawe post noe djadi lid P.N.I.?

Sakitan: Aja, tapi henteu rea ngan 4—5 djalma bae.

Pres: Naha keur pagawe Gouvernement teh diajakeun Speciaal Propagandist?

Sakitan: Henteu.

Pres: Naha eta Gouvernements ambtenaaren teh daratang sorangan bae menta djadi lid P.N.I.?

Sakitan: Enja.

Pres: Lamoen koering henteu salah, noe rek djadi lid tetep teh koedoe diexamen heula.

Sakitan: enja bener kitoe.

Pres: Saha noe ngajakeun examen?

Sakitan: Tadi koering geus njaritakeun, jen dina ieu party diajakeun examen commissie, tapi koe sabab pagaweanana cursus commissie henteu atjan beres, djadi saajeuna mah di bere kakawasaan ka bestuur tjabang bae.

Pres Onderwerp naon noe sok dipake dina examen teh?

Sakitan: Tangtoe onderwerp noe geus diadjarkeun dina cursus.

Pres: Naha opgave dina examen teh beda beda?

Sakitan: Henteu saroea, tapi opgave examen mah dipakena ngan di Bandoeng, di Soerabaja, di Jacatra djeung di Mataram bae.

President matja opgave exa men, dina eta aja roepa roepa pertanjaan.

Pres: Naha ieu opgave examen teh Djrg. anoe njieunna?

Sakitan: Lain, eta mah didjieunna koe afdeeling bestuur Jacatra.

Pres: Naha Djrg. bisa mere katerangan? Djrg. njeboetkeun jen P. N. I. teh henteu aja perhoeboenganana djeung Perhimpoenan Indonesia di nagara Walanda, tapi ajeuna dina ieu examen opgave aja pertanjaan perkara eta. Djaba ti eta, kapan P. N I teh emboeng miloe tjampoer kana sagala raad noe ajeuna aja, tapi dina ieu examen opgave aja pertanjaan bab raad raad sagala.

Sakitan: bab exsamen opgave noe didjieun koe bestuur tjabang Jacatra, koering teu bisa mere katerangan, eta mah noe bisa nerangkeun teh tjabang Jacatra.

Mr. Sartono (advocat) nerangkeun jen eta exsamen opgave teh henteu atjan dipake. Noe matak aja pertanjaan noe diseboet dina opgave, eta mah ngan keur nambahan kanjaho bae, sabab nationalist koedoe njaho koemaha kaajaan di lemah tjaina.

Landraad ngaso heula 10 menit.

Saenggeusna 10 menit, Landraad dimimitian deui, tapi Mr. Sastromoeljono (advocaat) henteu asoep deui, ngan kari Mr. Sartono bae.

President nembongkeun deui examen opgave anoe ka II.

Pres: Naha Djoeragan njaho kana ieu examen opgave?

Sakitan: Eta oge noe tjabang Jacatra keneh bae.

Mr. Sartono nerangkeun eta opgave examen noe kadoea teh, ari saenjana mah ngahidji keneh djeung noe kahidji, sarta lamoen ngajakeun examen tangtoe doeanana oge dipake.

Pres: Examen ti tjabang Bandoeng koering henteu atjan nendjo, koemaha ieu teh naha henteu make opgave?

Sakitan: Di Bandoeng koerang leuwih kakara aja 50 djalma anoe examen, tapi dina examen henteu make opgave, koe ditalar mondeling bae. Koering boga examenboek, tapi meureun geus dibeslag koe politie.

Pres: Lamoen geus loeloes dina examen, ti dinja kakara eta candidaat lid teh ditarima djadi lid tetep?

Sakitan: Enja kitoe.

Pres: Geus aja sabarah lid noe geus tetep teh?

Sakitan: Henteu atjan aja, da noe geus examen oge henteu atjan ditetepkeun.

Pres: Naon hakna noe geus djadi lid tetep?

Sakitan: Lid noe tettep meunang datang kana besloten vergadering djeung boga hak soeara.

Pres: Koemaha poetoesanana vergadering dina njokotna soeara?

Sakitan: Koe sabab ajeuna mah henteu atjan aja lid noe tetep tea, saheulaanan njokot soeara teh ti candidaat lid bae.

Pres: Saha noe djadi Examinator?

Sakitan: Di Bandoeng koering djeung Secretaris.

Pres: P. N. I. sok ngajakeun Congres, Openbare vergadering, Leiders cursus vergaderingen, leden vergaderingen.

Naha aja deui matjem vergadering sedjen?

Sakitan Henteu aja.

Pres: Naon maksoedna ngajakeun congres?

Sakitan: Geusan netepkeun sarta moetoeskeun sagala roepa perkara, boh keur kaperloean P.N.I. sorangan, atawa noe patjantel djeung party noe sedjen.

Pres: Di mana geus ngajakeun Congres teh?


CHEMICALIEN HANDEL

**:- v.h. Toko Nic Muller -:**

Goenoeng Ladoe 15 — Telef. 26 — Tasikmalaja

Berhoeboeng dengen terbitnja kita poenja prijs courant 1930 sekarang kita poenja persediaan obat-obat patent dan segala keperloean orang sakit ditambah hingga djadi lengkap betoel. Ditanggoeng bisa iring kainginannja sasoewatoe — kita poenja langganan. —

Prijscourant masih sedia tinggal sedikit lagi, jang ada kaperloean kita silaken boeat lantes dateng minta.

6

*Hormat EIGENAAR.*


Sakitan: Di Soerabaja djeung di Jacatra.

Pres: Saha noe meunang datang kana eta Congres?

Sakitan: Congres teh aja doea roepa, nja eta besloten djeung openbaar, dina besloten ngan keur lid Hoofdbestuur djeung oetoesan oetoesan bae.

Ari dina openbaar mah keur sagala djalma.

Pres: Naha ari dina congres sok aja propaganda?

Sakitan: Tangtoe, dina openbare vergadering ngajakeun tjarita noe propagandistisch.

Pres: Koemaha verhouding P. N. I. djeung partij-partij anoe sedjen?

Sakitan: P. N. I. hajang sarta daek digawe babarengan djeung partij partij Indonesia noe sedjen anoe maksoedna ngoedag kamerdikaan, P. N. I. geus ngahidji dina P.P.P.K.I.

Pres: Meunang lid P. N. I. djadi lid ti partij noe sedjen?

Sakitan: Henteu meunang.

Pres: Naon sababna noe matak teu meunang?

Sakitan: Sabab P.N.I. ngabogaan beginsel sorangan, djadi ajeuna didjieun z. g party disipline, party anoe sedjen oge aja noe make disipline.

Pres: Dina soerat dakwaan, diseboetkeun jen P. N. I. teh neroeskeun actiena Party Kommunist India (P.K.I.) naha enja?

Sakitan: eta samasakali henteu bener.

Pres: Mangkoekna koering geus nanja, naha aja salah sahidji oprichters P.N.I. oeroet lid P. K. I.

Sakitan: Henteu aja.

Pres: Ari Dr. Tjipto lain oeroet lid P.K.I.

Sakitan: Sakanjaho koering mah lain.

Pres: Naha P.N.I. satoedjoean djeung P.K.I.

Sakitan: Samasakali henteu.

Pres: Naon sababna noe matak henteu?

Sakitan: P.N.I henteu moepakat kana Communisme, sedeng P.K.I. mah make dadasar Communisme.

Pres: Naha P.N.I. tara njaritakeun bab P.K.I.?

Sakitan: Tara.

—o—

President nembongkeun soerat ka sakitan.

Pres: Djoeragan njaho kana ieu soerat?

Sakitan: Lamoen koering henteu kaliroe, koering geus dibere nendjo ieu soerat koe Mr. Jongmans, eta soerat koering tenget, ieu teh toelisanana Mr. Iskaq.

Pres: Naha ieu teh tjatetanana dina oprichtingsvergadering?

Sakitan: Bisa djadi tjatetanana Mr. Iskaq sorangan.

Pres: Naha dina ieu soerat aja toelisan ngadegkeun P. K. I. noe ka II?

Sakitan: Dina waktoe eta Dr. Tjipto henteu ngaroedjoekan kana ngadegkeun pakoempoelan anjar, sabab harita P. K. I. kakara dikoebrakeun, salempang lamoen ngadegkeun party anjar teh, babakoena pisan koe soerat kabar Walanda noe reactionair pada njareboetkeun P. K I. ka II, da harita teh kahajangna Dr Tjipto mah ngajakeun nationaal congres bae tjara P. P. P. K. I. ajeuna.

Pres: Koemaha noe matak dina eta soerat aja toelisan kitoe?

Sakitan: Dr. Tjipto njeboetkeun, lamoen oerang ngadegkeun koempoelan anjar, engke aja noe njeboetkeun P. K. I. ka II, bisa djadi ieu omongan teh koe Mr. Iskaq ditjatet dina eta keretas.

Pres: Naon sababna noe matak Dr. Tjipto ngomong kitoe?

Sakitan: Sabab lamoen boeroe boeroe ngadegkeun partij anjar, engke pada njangka koe pers noe reactionair madjarkeun ngadegkeun P. K. I ka II.

Pres: Naha make sieun di sangka P. K. I. ka II, lamoen enja mah beda toedjoean djeung dadasarna?

Sakitan: Anoe matak oge, ieu party toeloej diadegkeun, djadi timbanganana Dr. Tjipto harita henteu diroedjoekan.

Pres: Naha geus ngarasa digawe babarengan atawa babadamian djeung P. K. I.?

Sakitan: Henteu.

President toeloej nembongkeun hidji soerat ka sakitan.

Pres: Ieu soerat teh ti saha?

Sakitan: Ti Dr. Tjipto keur kakoering.

Eta soerat koe President toeloej dibatja, ditoelisna dina basa Walanda, maksoedna njaritakeun ajeuna di Azia keur aja doea gerakan anoe mareboetkeun pangaroeh, nja eta Communisme djeung Pan Islamisme. Noe njoeratan nganasehatan ka Ir. Soekarno soepaja ati-ati nga djaga ngahidjina kabangsaan babakoena pisan ngahidjina P.P.P.K.I bisi Djoeragan Tjokroaminoto keuna koe pangaroehna pan Islamisme, bisi matak ngabaroentakeun ka P.P.P.K.I.

Pres: Koemaha noe matak aja soerat kieu?

Sakitan: Ieu soerat ti Dr. Tjipto keur ka koering persoonlijk, lain keur ka P.N.I. bab eusina tangtoe djadi tanggoenganana Dr. Tjipto bae.

Pres: Kapan P. N. I. teh nationalistisch, naha dina ieu soerat njaritakeun bab Communisme djeung Pan Islamisme?

Sakitan: Bisa djadi kieu, pangna Dr. Tjipto njoeratan kitoe teh, manehna ngarti, ari nationalisme mah timboelna ti golongan bangsa sorangan, tapi Communisme djeung Pan Islamisme mah datangna ti loear, anoe ajeuna keur meudjeuhna mareboetkeun kakawasaan, ajeuna Dr. Tjipto keur ngoelik perkara eta, tina boekoe karangan Stolk, meureun noe matak manehna njoeratan kitoe teh boga anggapan bisi matak ngarenggangkeun kana ngahidji kabingahan di dieu. Tapi nasehat Dr. Tjipto kitoe teh, koe koering henteu dipake (afgekeurd).

Pres: Naon sababna noe matak manehna nganasehatan kitoe?

Sakitan: Sabab, manehna miloe ngadegkeun P. N. I

Pres: Naha dina eta soerat ditjaritakeun, koedoe ati ati koe Tjokroaminoto, babakoena keur kaperloean P.P.P.K.I.

Sakitan: Bisa djadi koe anggapan Dr Tjipto jen Tjokroaminoto teh keuna pangaroehna Pan Islamisme nepi ka matak ngaroeksak ka P.P.P.K.I.

Pres: Ari Indonesia Merdika teh orgaanna Perhimpoenan Indonesia di nagara Walanda, djeung naha ieu teh satoedjoean djeung P N.I.?

Sakitan: Lain bae satoedjoean djeung P.N.I. tapi bisa djadi satoedjoean djeung party party kabangsaan anoe sedjen.

Pers: Dina Indonesia Merdika aja omongan anoe njeboetkeun jen pergerakan di Indonesia koedoe ngabeberes tapak tapakna anoe ditinggalkeun koe P.K.I.

Sakitan: Ieu mah djadi tanggoenganana Redactie Indonesia Merdika, lain oeroesan koering.

Pres: Naha make aja omongan kitoe?

Sakitan: Bisa djadi koe anggapanana Redactie Indonesia Merdika, keur ngadatangkeun kamerdikaan teh, koedoe enjaan make dadasar kabangsaan, sabab koe djalan communisme mah, taja petana bisa katepi noe di tjita-tjita, djeungna deui, meureun anggapan Redactie teh, P. N. I. sadjalan djeung maranehanana.

Poekoel 12.30 Landraad di toetoep, sarta baris diteroeskeun dina poè isoekna ngamimitian poekoel 8.

---

*Toemaros:*

*Naha Djoeragan parantos ngintoenkeun waragadna Sipatahoenan?*

*Oepami teu atjan kedah enggal.*

*Apm.*

# INDONESIE

## Betja ti Soerabaja.

### Openbare Debat Vergadering.

P. S. I. I. tjabang Soerabaja sakoemaha noe geus di wawar keun dina ieu s.k. dina poé Ahad, tg. 17 boelan ieu, di Kranggänpark geus ngajakeun openbare debat vergadering, ngan henteu ari di loeoehan koe djrg. H O.S. Tjokroaminoto mah (Pasalia djeung noe geus diwawarkeun koe djrg. Wondo soedirdjo dina waktoe ngamoel jakeun, Kdj. Nabi).

Ieu vergadering dideugdeug koe kira-kira leuwih ti 3500.

P.S.I.I. ngajakeun ieu openba re debatvergadering, nja eta angkanan P.S.I.I. soepaja bisa toekeur pikiran djeung Redactie Swara Oemoem noe geus moeat artikel Digoel djeung Mekah, noe tjek P.S.I.I. afd. Soerabaja ngahina kana moenggah hadji, ngahina kana tanah soetji, djadi ngahina kana Islam.

Tapi naha peta kieu nohonan kana maksoed P.S.I.I. afd Soe rabaja ?

Rarasaan koering henteu.

a. Redactie Swara Oemoem teu ngaboelkeun pamentana P. S.I.I., sabab dina djawabna di na S.O, lain rek njarek atawa ngahina kana moenggah hadji.

b. Publiek riboet bae (soe soeitan, gogorowokan), siga pi san noe njela kana tingkah P.S.I.I.

Ti barang vergadering diboeka henteu weleh weleh publiek riboet, sigana teu satoedjoe ka noe ditjaritakeun koe djrg. djrg. Wondosoedirdjo, A M. Sangadji djeung djrg. Soerowigono. Malah koengsi dischors sapoeloeh menit, tapi tinimbang djempe, kalah ka beuki rame. Komo barang aja loedroek (bodor) Doerasim ger teh sareuri henteu tolih ka noe biantara. Atoeh kapaksa Doerasim di kaloear-keun koe politie.

Koe sabab publiek riboet bae chef Politieken Inlichtingen Dienst 2 kali mere waarschuwing ka voorzitter ka tiloe kali na koe mantri politie nepi ka voorzitter kapaksa noetoep vergadering. Saoerang ti publiek noe hajang miloe njarita ge teu bisa.

Saeutik commentaar ti pembantoe Sip.

Parasaan koering (naar alle waarschijnlijkheid) P.S.I.I. salah paham tina eta artikel. Koering lain rek mangmeunangkeun eta artikel, ngan koering boga pikiran kitoe teh noeroetkeun dja wabna Redactie S. O. lain rek ngahina.

Koering panoedjoe kana tolakan Redactie, sabab Redactie staf teh dipingpin koe Dr. Soetomo Djadi lamoen toeloes teh, siga pisan Studieclub bertentangan djeung P.S.I.I. (katendjona koe piloearan koe somah, atawa koe djelema noe teu ngarti atawa emboeng ngarti). Meureun tjek itoe teh: Pek kadinjah oerang ngeprokan:

Masing tjek P. S. I. I. oerang lain rek bertentangan antara P. S. I. I. djeung (bestuur) Studieclub atawa rek metjahkeun beungkeutan P.P.P.K.I. tapi rek mareboetkeun bebeneran, toekeur pikiran djeung Redactie S. O.

Ngan koemaha pikiran djelema ?

Moega moega bae ieu kadja dian oelah aja boentoetna.

P. S. I. I. moega ngalenjepan soerat soerat ti Studieclub djeung Sarekat Madoera !

Hidoeplah Persatoean! Hidoeplah P. P P. K. I.! Hidoeplah Indonesia Raja.

### Werkloozen front digawe.

Djrg. Jahja, ngawakilan front andjeunna dina debat verg. P. S. I. I. teh bari dagang. Edas ajeuna mah siga pisan singke Pardon, sanes ngahina.) Sirahna bae doegoel ngah dja dina vergadering kerepoesna dioedar.

Tjalana bodas, badjoe kampret. Daganganana sapoetangan sapoetangan beunang ninoen, dina njiroe sarta andjeunna dina kampretna make kartjis noe di toelisan : Werkloozen front.

Kira kirana andjeunna aja noe ngahina pedah kikitoean ka vergadering, toer djadi oetoesan?

Sabalikna andjeunna pada ngahormat, koe sarerea. Madjoe teroes ! ! !

### Hoofdpanghoeloe tjoerang?

Dina s. k. Sepakat Indonesia No. 16 Gober pembantoena eta s. k. meunang bedja, selenting bawaning angin jen Hoofd panghoeloe Soerabaja ditoeng toet koe politie koe sabab ngagelapkeun djeung ngarampas hak djeung milikna randa kolot, noe pangadjina aja reboena. Katerangan tjoekoep, toengtoengna terang, saksi oge tjoekoep.

Ma'loem, napsoe kadjahatan, henteu pilih tempat, henteu man dang kapangkatan, lamoen ieu bedja teh bener, nja aja hidji kaajaan djeung kadjadian noe heran pisan, sabab Hoefdpang hoeloe teh hidji pembesar noe dipasrahkeun ngoeroes ahli wa ris didjero kalangan oemmat Islam. Katerangan noe leuwih tetela keur diteangan.

Sabar, goetji wasiat tentoe ba kal meletoes sendirinja, sakitoe tjek Gober dina eta soerat ka bar.

### Indisch-Arts.

Loeloes dina examen ka II tina Idisch-Arts examen djrg. Amiroedin (Bengkoelen) djeung djrg. R. Soedarmo Wiroreno (Magelang).

—o—

## Bedja ti Bandjarmasin.

### Teu aja hoedjan.

Kakara oge 2 boelan teu aja hoedjan, tjai laoet ka djero kota geus asoep; koe sabab eta waloengan waloengan tjaina teu beunang diinoem, dalah dipake mandi oge karasana teu ngareunah kana awak.

Tjai inoemeun koedoe mareuli, hargana ajeuna moerah keneh nja eta saketip satanggoengan, lantaran noe ngadjaroeal ngalana dareukeut keneh, moen geus djaoeh mah nepi ka satalen.

### 31 Augustus.

Tg. 31 Augustus di Bmasin oge rek aja rame rame, tapi basadjan bae ngan rek iring iringan baroedak sakola, balap parahoe djeung volkspelen.

Kanoe leutik teu ngaroesiah keun, aja oge noe ngiderkeun babakoena ngan ka kaom Her man bae.

### Malaise.

Lantaran katjida toeroenna harga geutah, pakasaban paka saban sedjen oge miloe kaba boek koe sasalad malaise loba anoe dagang goeloeng tiker sarta loba noe ngalimboeng ne angan gawe.

Malah kontrakan karet Tanah Intan Estate mah noengtoet moelangkeun koeli koelina ka Djawa, nadjan anoe kontrakna kakara satoen oge.

### Disangka Kominis.

Doeka disangka kominis, doe ka pedah boga doeloer dikadi goelkeun, R. Moenandar tijd Klerk Kantoor Bandjermasin djeung Leider Borneo Padvin der Organisatie asal ti Pati residentie Semarang geus ditang kep koe politie sarta teroes di iangkeun ka Batawi, bedjana mah rek dipariksa di Hoofd parket.

Tapi Walohoealam.

Pikeun Borneo Padvinder Organisatie kaleungitan hidji Leider noe actief sarta ajeuna atjan meuneng gantina anoe tjakep.

—o—

## Bedja ti Banten.

### H.I.S. Partikoelir

Koe initiatiefna sawatara ko lot kolot baroedak noe geus meunang „ kapeurih" doemeh anakna teu ditampa ka H.I.S. di Rangkas geus bisa diadeg keun hidji Particuliere H,I.S. met Engelsch. Eta H.I.S. ari noe „Kagoenganana" mah hidji Walanda Indo noe dermawan, diajakeun kalawan pamentana kolot kolot baroedak tea, kala wan kamandangna noe derma wan tea. Kakara oge ngadeg, pimoerideun mani geus „teu kawadahan soekoer !

### Pesta Kangdjeng Radja.

Aloen aloen Rangkas ti ajeuna keneh geus diome dihade hade. Papanggoengan mani sababaraha hidji. Sigana mah bakal rame katjida, malah make „aubade" koe 1700 baroedak sakola, ti sa Banten kidoel.

### Tatamoe agoeng.

Tjek bedja, kalawan officieel Kangdjeng Toean Besar bade rawoeh ka Banten, dina kaping 4-5-6 September. Ti ajeuna keneh di Rangkas geus rame noe ngahias kota, malah pager pager (kikis) mah geus ngeplak baro das bae, imah imah oge djadi siga wareuteuh deui, malah aja noe siga nini nini diwedak !

### Pamitran rek koebra.

Ari ngajakinkeun mah henteu, ngan siga noe katindih koe kari kari. Barang societeit Pamitran divoorzitteran koe noe ajeuna (noe bareto kaleked mere tempat pikeun propaganda Pasoendan tea ? !) bet loba leden noe menta ka loear, malah bedjana nepi ka aja pamogokan di kala ngan bestuur. Tjek bedja doe meh voorzitterna ngaradja dewek.

—o—

## Bedja ti Bogor.

### Pesta Boedihardjo.

Dina malem Minggoe tanggal 16 boelan ieu Augustus '30, koempoelan Boedihardjo geus ngajakeun pesta di gedong Royalstaandard, mestakeun Boedi hardja geus oemoer 2 taoen.

Karamean pesta koe tooneel Goenoeng batoe, diselang-selang koe roepa roepa kamonesan sa perti ibing Soenda, pentjak Soen da djeung biantara bistuur Boe dihardja, noe maksoedna nerang keun kaajaan djeung kamadjoea anana Boedihardjo di sadjero 2 taoen leuwih.

Noe laladjo pohara lobana, tempat mani djedjel, heurin oesik koe noe laladjo, bakating prodeo.

Noe datang kana eta pesta, sadjabana ti roepa roepa koempoelan noe aja di Bogor, K. Dalem oge soemping, malah sareng Dalem istri.

Bestuur Boedihardjo, dina pemboekaan pesta nerangkeun jen maksoedna Boedihardjo teh rek njalametkeun rahajat sapangeusi residentie Bogor.

Di tema koe bestuur tooneel Goenoengbatoe, njaritakeun mak soedna perkoempoelanana.

Serelek lajar diboeka, tooneel bedrijf ka hidji.

Toetoep lajar, koeroenjoeng djrg. Sastrowidjono, lezing njaritakeun boeahna Boedihardjo, nja eta geus boga H.I.S. Open bare leeszaal djeung geus ngajakeun atoeran meuli beas papatoengan, avond cursus basa Walanda.

Diterangkeun jen boeahna koempoelan Boedihardjo teh meh 60 pCt. leuwih kaala koe oerang Soenda, boh sakola H. I. S. na, boh avondcursusna, oerang Soenda noe ngahakan oentoengna. (Atoeh meureun bae da di tanah Soenda V).

Kitoe bae sateroesna pilih genti tooneel djeung biantara bestuur.

Pesta nepi ka djam 12 leuwih.

### Leden Vergadering Pasoendan.

Dina poé Minggoe tanggal 17 na, di Regentschaps zaal, geus ngajakeun leden vergadering Pasoendan, noe saroemping teu woedoe loba tjatjakan loba noe taroendoeheun tas laladjo pesta mah.

Maksoedna vergadering njaritakeun verslagna Pasoendan di djero sataoen noe enggeus, ka ajaan djeung kamadjoeanana Pasoendan, aja oge tendjoéunana publiek di Bogor, katingal ho djahna Pasoendan teh.

Njaritakeun hal candidaatstel ling pikeun leden Volksraad noe baris datang.

Toeloej pilihan bestuur anjar, noe kapilih :

Voorzitter Djrg. Akil.
Vice id. Djrg. Erka.
1ste Secretaris Djrg. Soemadilaga.
2de id. Djrg. Ishak.
Penningmeester Djrg. Adinata,
Commissarisen : Djrg. Odjoh. Djrg. Nataamidjaja Djrg Kalsih.

Koe robahna bestuur, moedah moedahan Pasoendan Bogor leu wih madjoe, leuwih actief ti noe enggeus.

### Pesta 31 Augustus

Pesta 50 taoenna joeswana radja Walanda, di Bogor ti ajeu na keur sasadiaan, kota geus mitambejan dipapaes, keur arak arakan, tembang dj. s t. ti ajeu na keneh geus dipasieup, djoe ragan djoeragan noe kapapan tjenan djadi leidér geus ngider bae ngoelintjer, toemoet saker sa.

Pesta baris dimimitian ti poé Saptoe isoek isoek, geus diaja keun voetbal wedstrijd, sorena aja deui voetbal, iring iringan baroedak moerid moerid gijm nastiek optocht bangsa Tionghoa Wajang, Kembang api, conours auto, motorfietsen djeung tem bang baroedak moerid, noe djadi leiderna djrg. Rd. Wirat madja.

Goegoeritanana saperti noe kaseboet di handap ieu :

Kinanti.

Pikeun moerid awewe

1. Tawisna sami djoemoen djoeng, ka Sri Maha Radja Poetri, Kangdjeng Ratoe Wilhelmina, moerid Pamoelangan Istri, ajeuna kempel sadaja, sa reng galoembira ati.
2. Sarehna Sri Maha Ratoe, joeswana geus woewoeh deui, djangkep henteu pisan kirang, satengah windoe geus nepi, toer teu aja koetjiwana, wiloe djeng ti barang lahir.
3. Ti barang djoemeneng Ra toe, Ngereh tanah Neerland Indi, noe ditjepeng kaadilan, sangkan abdi soegih moekti, menggah tjeuk lahir sepoeh mah, „hoerip Goesti waras abdi".

Pikeun baroedak lalaki.

1. Moerid lalaki teu kantoen, pada bingah soeka ati, teu aja pisan bentenna, sareng rerentja ngan istri, nja boekti ajeuna pi san, henteu aja anoe kari.
2. Neda ka goesti Jang Agoeng Njembah ka Roboel Idjati, moegi-moegi sapaosna, tjara bihara-bihari, henteu aja kakirangan, loeloes moeloes Njakrawati.
3. Estoe jaktos pisan kitoe, teu aja mentjog saeutik, karaos koe abdi pisan, sapioendjoek moerid istri, moegi bae salamina, tetep sapertos kiwari.

# SPORT

## JAVA ELFTAL—LOH HWA 4—4.

Dina Sipatahoenan noe geus kaloear ditjaritakeun jen datangna deui LOH HWA ka Batawi teh henteu sakoemaha moedjoerna, lamoen dibanding djeung kakoeatanana. Waktoe diadoe djeung voetbalbond Batawi, sa kitoe spelers aja noe diganti koe noe anjar, oekoer bisa 2—2, djadi masih tjitjing dina eleh koe bond Batawi, sabab bareto 2—6 keur Loh Hwa.

Waktoe djeung Hercules dina tanggal 13 boelan ieu djaba ti maen teu sabaraha aloesna teh stand 1—1.

Minangka panoetoep Loh Hwa maen di poelo Djawa, (lamoen teu toeloes djeung U.M.S.) nja dina poé Minggoe tanggal 17 boelan ieu diadoe djeung Java Elftal.

Ieu pertandingan katjida narik atina, beunang oge diseboet loear biasa Noe laladjo katjida lobana, nepi ka dikira kira aja 30.000 djalma. Roepana bae kabeh pada panasaran koemaha maenna Loh Hwa dina panoetoepan. Lapang Decaprak mani djedjel koe noe laladjo, sarta saenggeus Max Prins nabeuh hatongna noe ditandingkeun teh kieu :

Java Elftal.

Hok Gie (Soerabaja)
Denkelaar (Batawi) — Van Donk (Batawi)
Laso (Batawi) — v. d. Putten (Batawi) — Theo Jahn (Soerabaja)
Ali (Sem.) — Bakhuys (Soer.) — De Raad (Soer.) — Giesel Coevorden (Bd.)

K.I. Chan. — W.T. Lee — L.K. Tai — K.K. Chen — K.S. Tso
W.C. Chen — S.C. Sun — Y.S. An
Y.Y. Voong — N. Lee
H.H. Chow.

Loh Hwa.

Dina barang proeng oge katendjo doea pihakanana pada ngadjalankeun pratijkna, ngan Loh Hwa rada oenggoelan. Kakara maen kira kira tiloe menit lilana Loh Hwa teroes ngangseg bae, nepi ka Hok Gie rada ripoeh oge nadahan bal ti moesoehna.

Java Elftal oge madjoe naradjang moesoehna ngan henteu bisa nepi kana goel, oekoer ka lebah S.C.Sun djeung Y. S. An, bal balik deui ka pihak Java Elftal nepi ka Denkelaar djeung van Donk katjida digarawena.

Sateroesna bal ka ditoe ka d'ieu bae, malah H.H.Chow oge remen pisan pakepoek nadahan sepakan Ali djeung Giesel. Lila lila L.K.Tai bisa ngabedakeun benteng Java Elftal koe sepakna anoe beres pisan, nepi ka Hok Gie kapaksa koedoe newak hawa. Stand djadi 1—0 keur Loh Hwa.

Sanggeus dibagi katengah maen diteroeskeun deui. Java Elftal katendjo madjoena, sarta teu sabaraha lilana sepakan Giesel bisa naradjang keeper Loh Hwa, anoe kapaksa koedoe njokot bal tina djaringna. Stand djadi 1—1.

Maen tambah rame, itoe ieu pada saroea madjoena, malah nepi ka halftime oge stand tetep keneh 1—1.

Saentas pauze Loh Hwa katjida ngangsegna, nepi ka Hok Gie ngarasa ripoeh oge nadahan sepakan L K.Tai djeung batoer batoerna, sarta nepi ka teu beu nang henteu Hok Gie koedoe njokot bal sepakan K. I Chan , tina tataheunanana. Stand djadi 2—1.

Sanadjan Java Elftal katjida soson sosonna oge, roepana atjan nepi ka waktoena, bal keukeuh njedek ka priboemi bae, sarta sepakan W.T.Lee bisa ngadjadikeun stand djadi 3—1.

Roepana bae De Raadt djago Soerabaja ngarasa katjida teuing koedoe narima hoetang 3—1 ti moesoehna. Manehna djeung batoer batoerna teroes pada ngangseg madjoe ka barisan Loh Hwa, sarta koe De Raadt keneh hoetang bisa ngoerangan hidji, djadi 3—2.

Ajeuna kari bagian Loh Hwa noe naas; sabaraha kali ngagoeroemoet teu aja hasilna. Nampa operan ti Ali Giesel geus bisa deui ngaboeskeun bal kana goel Loh Hwa. Stand djadi 3—3.

Maen beuki lila beuki rame djeung tambah goembira saenggeus K.S.Tso bisa ngaganti stand djadi 4—3 keur Loh Hwa.

Dasar roepana bae pada emboeng eleh, Theo Jahn rada madjoe teroes njitak goel panoetoepan noe ngadjadikeun stand gedeg (4—4), sarta teu koengsi lila Max Prins nabeuh hatongna tanda njapih koe lantaran beak waktoena.

# KAWAT

tina s. s. k.

## PANGROEROEGAN BANGSA AFRIDI.

Peshawar: Ajeuna dis trict Peshawar geus djadi aman deui, lantaran bangsa Afridi geus pada pada maloendoer tina medan peperangan. Kana aja kadjadian kieu teh taja lian ngan koe activiteitna barisan oedara djeung koe datangna wad-ja balad ti Lahore dina pantsertrein. Koe ngajakeunana pantsertrein lain saeutik kareta biasa noe kapegat perdjalananana, kapaksa koedoe eureun heula di Naushara, anoe djaoehna kira kira 25 mijl (wetaneun Peshawar). Ti Naushara djalma djalma kapaksa taroeroen sarta diteroeskeun koe mobil taxi.

Barisan oedara henteu sabara ha ngaroegikeunana, oekoer aja genep djalma anoe hilang djeung tatoe kabedil. Ieu teh kabeh oge bangsa boemipoetr keneh, anoe geus dibedilan koe bangsa Afridi.

Samboengan samboengan kawat telegraaf djeung telefoon antara Peshawar djeung sedjen sedjen tempat di India, geus beres sakoemaha biasa deui.

—o—

## SOEPA NOE AJA RATJOENAN.

Bedja ti Londen, di kampoeng Methwoord kawahan graapschap Norfolk sawatara padvinders geus ngaradon kampeeren. Sabagian ti antarana geus ngadalahar soepa beunang ngarala ti tegalan noe teu sabaraha djaoeh na ti tempat kampeeren. Saentasna aja dalapan padvinders noe teroes gering matak salempang kana bahaja maot, malah doea boedak parawan mah nepi ka hanteuna.

—o—


HOTEL PASOENDAN

WETANEUN STATION BANDOENG — RESIDENTSWEG No. 10

ANGKAT TI STATION MOENG 1½ MENIT.

Ajana dina Centrum (poeseurna) kota Bandoeng

Hotel anoe parantos kakontjara kamana-mana sareng parantos seueur poedjian ti tatamoe-tatamoe sagala bangsa, tina kaberesihanana sareng kasetiaanana ngoeroes tatamoe, tangtos ngabingahkeun ka soegri anoe karoelem di Hotel ieu.

Sajagi auto Garages

— TARIEF —

| | |
|---|---|
| 1 djalmi sawengi kl. 1 f 2.— | 1 djalmi sawengi kl. 2 f 1.50 |
| „ 1 „ kl. 1 f 3.— | 2 „ „ kl. 2 f 2.50 |

Endjing endjing kenging aroteun Koffie soesoe sareng roti, sonten kenging Thee sareng Bagelensche beschuit.

Oepami bade toeang tambih f 1, (1 djalmi)

Hoermatna,

Eigenaar-Beheerder S. AMAT



GALOENGGOENG BIOSCOOP

TASIKMALAJA

Malem MINGGOE, SENEN (23-24 Aug. 1930).

METRO - GOLDWYN - MAYER ORIENTAL COY. INC.

*mempertoendjoekan*



Vilma Banky

„Pertjintaan jang gagal"

(Kerfstmanoeuvres).

# ADVERTENTIËN

PLAAT
GRAMOFOON

Lagoe-lagoe SOENDA noe marodel sapertos: Tembang Tjiandjoer, Najoeb, Degoeng, Tarawangsa, Kendang Pentja, Wajang, Tjelempoeng, Ketoek — Tiloe sareng sanes-sanesna deui. —

Tiasana kenging moeng dina merk:

Pangaos f 2,50. doea lagoe **COLUMBIA** Pangaos f 2,50. doea lagoe

MUZIEKHANDEL
„DE HARP"
4 Singaparnaweg 45 — Tasikmalaja.



**Kitab djalan ka Ma'ripatan ka Allah ta A'lla :: berhoeboeng djeung Tarekat Haqmaliah ::**

Kantoen saeutik deui. Enggal pesen bilih seepeun.
**Pangaosn f 1.25 Rembours f 1.85**

Parantos sajagi deui:

**Lajang Moeslimin-Moeslimat**
**Djilid I-II-III.**
Tjitakan enggal kenging ngarobah.
**Pangaosna sadjilid f 1.25 Rembours f 1.85**

Karangan:
**R. Asep Martawidjaja.**
**Pataroeman Garoet.**

Eusina: Elmoe Agama Islam agemna para sepoeh — anoe parantos naek kana patarekan. —

Sakedap deui bakal kaloear:

**Boekoe Kidoeng Ka-Islaman**

*Noe ngaloearkeun:*
WINKEL MASDIOE
86 Groote postweg Kaoeman No. 37 — Bandoeng.



**Drukkerij Galoenggoeng**
**TASIKMALAJA.**
**Pasarsstraat No. 34 - 33 Telefoon No. 51**

Naha djoeragan teu atjan oeninga, jen Drukkerij noe pangageungna di Tasikmalaja mah moeng Drukkerij Galoenggoeng? Bilih kirang pertjanten tiasa ditjobi, dina padamelanana, moal matak handjakal.

KWALITEITNA SAE,
LEVERINGNA LANGKOENG ENGGAL,
PRIJSNA HENTEU AWIS.

Schrijf sareng kantoorbehoeften, moeng njajagikeun — noe prima kwaliteit bae. —

*Hoermatna noe ngadjeng-ngadjeng,*
**Drukkerij Galoenggoeng.**
Agent di Soekaradja:
**O. KARTA.**



HAKIMSAHIB M. ABDULRAHMAN
GOENOENG SABEULAHWEG — TASIKMALAJA.

Koering geus ngadegkeun Roemah obat „Punjab" pikeun kaperloean ngadjaga kasehatan oerang priboemi. Sareng njajagikeun roepi² landong kanggo ngaleungitkeun kasawat noe kasebat dihandap ieu sareng sanes-sanesna, sapertos: Aambeien, Bawasir, Druiper, Panjakit njeri kiih, sapertos noe kaloearan getih sareng nanah, Syphilis, Boengkoel, Sampar, Dysenterie, Tadjam, njeri beuteung bidjil getih, enz. Suikerziekte, Kentjing manis Asthma, Mengi eungap, atanapi mengi. Hoest of Kinkhoest, Batoek kosong, gangsa. Tering, Batoek kaloear getih, Typhus of malaria, (Demam) Moeriang, Oogziekte, Njeri panon, Doofheid, Torek, tjonge, Tandziekte, Njeri hoentoe, Lichaamziekte, Koerang kakoeatan, koerang sjahwat, koerang djalan getih enz. Rheumatiek, Njeri toelang, njeri tjangkeng sareng lalinoe saboekoe-boekoe. Nierziekten, Tjikiih koerang beresih, Wonden of Jeuk, Koerap, bisoel, radang, boedoeg, koekoel, djarawat, kokoloteun, Ziekelijke maandstonden, witte vloed en verschillende ziekten, Istri² anoe henteu angger kotoran dina waktoena, waktoena kotor, njeri beuteung sareng bidjilan getih bodas.

Sareng deui disajagikeun roepi-roepi minjak seungit sapertos: Rose, Melati Jasmin, Narcissus, Divinia, Ambri Madjmoeh sareng sanes-sanesna deui sapertos: Haarolie, Minjak kanggo gomplok ramboet, ngadjagi sangkan oelah moerag. Haarverf ngahideungkeun ramboet noe parantos bodas.

Sareng sadajana obat² noe kasebat di loehoer parantos kenging poedjian sareng Verklaring tina kasaeanana noe koe sim koering parantos ngaraos dioebaran sareng doegi ka saena.

Sadjabina ti eta sim koering njajagikeun Prijscourant, saha noe moendoet dipasihan pere.

*Salam koering,*
Hakimsahib M. Abdulrahman.



KARETA MESIN

noe pangsaena sareng pangmirahna dina atoeran pembajaranana, teu aja deui moeng di toko pribados.

| | | |
|---|---|---|
| NEW HUDSON | f 10.— | DINA SA-BOELAN |
| NED. KROON | f 10.— | |
| MATADOR | f 7.50 | |
| METALLICUS | f 6.— | |
| RADCO | f 5.— | |

*Noe ngadjeng-ngadjeng*
TOKO „TRIO"
TASIKMALAJA
68 TELF. No. 83.



KANTOREN:

**R. Idih Prawira di Poetra**
**R.P. Abdoellah Tjokrokoesoemo**

RECHTSKUNDIGEN

NAMPI PADAMELAN

**Advocaat en procureur**

(OEROESAN CIVIEL, CRIMINEEL — SARENG DJABI TI ETA) —

Di Bandoeng: tel. 333 — Andirweg No. 12.
Di Garoet: tel. 142 — Pakoewon No. 10.
Di Tasikmalaja: tel. 121 — Heerenstraat 14 atanapi Tjitapeu 13 (pajoeneun kantor Landraad).



**Toko & Ledikantenhandel: „ALLERBEST" Bandoeng.**



Randjang beusi model Europa sapertos gambar No. 3, 125×205 cm, à f 30,— FRANCO S. S. BANDOENG.
Sajagi tjet bodas, kajas sareng telor asin.

Parantos sajagi deui: Loterij artos Bat. Kinderziekenhuis. Hoofdprijs F 150.000 sareng seueur deui prijs² sapertos Kintoen artos tiasih pangaos F 11,3 in. rembours F 11.7.

Noe atjan kenging trekkinglijst Loterij ti pajoen kenging MOENDOET (gratis).

Helmhoeden sajagi kleur bodas sareng bruin à f 3.—

Pajoeng Tjiamis ti awit f 0,65 doegi ka f 2, per stuk.

*Ngadjeng² pesenan*

Toko & Ledikantenhandel
**„ALLERBEST" BANDOENG**
(Pasirkailkiweg zuid 3).
36



*Masoeklah abonné pada:*

Dagblad „BINTANG TIMOER"

sama ertinja dengan „memperdekat" segala kedjadian doenia ke tempat toean; seroepa poela dengan memboeat toean selaloe berhampir modern dalam segala hal.

*Apalagi memasoekkan Advertentie*

sama ertinja toean mempoenjai „Verkooper" jang djalan-djalan „Vice Versa", dengan beberapa roepijah sadjatoena poenja perdagangan diperkenalkan oleh „Verkooper vice versa" kesegenap tempat.
Mintalah tarief advertentie dan lembar pertjobaan.
Tjap Krekot djadi garantie.

Administratie „BINTANG TIMOER"
WELTEVREDEN.



KETOE OEDENG



**HALIM**
WEST PASAR STRAAT 16
— BANDOENG —



Ketoe oedeng Pasoendan, roepi-roepi model md A., md. D., md. A. Osvia md. D. Osvia tina roepi-roepi batikan. Ngawitan ti Pangaos f 1,75, f 2,— f 2,50, f 3,— f 3,50 enz.
Ketoe oedeng model wiron Pasoendan (Soenda Kadjawan) anoe ngango endol alit ipis sareng anoe henteu, batikna oge roepi-roepi pangaos idem
Ketoe oedeng wiron kadjawan, nganggo wiroe 18 lapis sareng nganggo kepet (tjetjepet) batikan roepi-roepi pangaos idem anoe nganggo endo sareng henteu.
Kopejah bloedroe hideung sareng beureum, nja kitoe deui modelna, mode Medan (ipis sareng leuleus) raos dianggona pangaos f 1,50 oekoeran roepi-roepi. Kopejah Padang soetra anoe saena. f 1,— anoe boelak-balik f 1.50 Sindjang poleng Bandjaran anoe saena f 2,75 poleng Cheribon f 4,50 Poleng Soetra ditanggel kiat f 5,—. Poleng Soetra anoe pangsaena kaloearan Soemedang f 11,— palekat tjap korsi No. 1 f 3,25.
Sadajana pangaos teu atjan kaetang ongkos ngintoen. 10





Sadajana para djoeragan henteu atjan tiasa djadi
GENTLEMAN
oepami henteu nganggo sapatoe sareng djabi ti eta
*TI TOKO*
SCHOENMAKERIJ „LIEM"
TASIKMALAJA.
margi salamina njajagikeun anggoan noe djarempolna bae



Ngalebetan Advertentie Sipatahoenan tangtos madjengna.


# IMPLIK-IMPLIK

## POEPOEASAN

KARANGAN
**Nji Mas SOEHARBA**
PANDEGLANG.

3

Ajeuna deui ditjatoer, doepi latangga noe tadi, bageurna kabina bina, margi reudjeung. Enden tadi, sami sami noe ngoembara, sanes asal ti Batawi.

Asal ti dajeuh Tjiandjoer, di Batawi miloe tjitjing, kapaksa noetoerkeun raka tjarogena djadi komis, djeung Enden teu asa asa, geus henteu toemamoe deui.

Nji komis kaget ngarandjoeg, ningali Den Ita nangis, manahna welas katjida, teu katahan miloe nangis bari naros Enden Ita, Enden teh koenaon margi.

Enden teh doegi ka kitoe, bangoen sedih sedih teuing, entjeuk teh reuwas katjida, aja basa miloe tjitjing, koe naon oesoel asalna tara tara ti sasari.

Emoetan entjeuk pirakoe, da raka mah djalma tjitjing, ka Enden sieun katjida, tara wani wani moesing, ajeuna kitoe boektina, entjeuk heran liwat saking.

Tinja Den Ita ngawangsoel, emh apan bieu teh endjing, abdi teh mentas pasea, doegi ka abdi dioesir, ari dosa mah teu aja, noe mawi abdi teu ngarti.

Doepi awitna noe estoe parantos satengah sasih, engkang osok sering angkat, taja siang taja wengi, ari ngangken ka abdi mah, ngalongok rentjangna gering.

Hate abdi teh timboeroe, ari sering sering teuing, angkat angkatan sorangan, di roromook bangoen poesing, sareng kana barang toeang, roepi roepina djaridji.

Ti dinja abdi teh atoeh, naros pedah ka salaki, engkang koe naon teu damang, ari waloa ladjeng bengis, njeuseul barina tetendjrag, abdi teh teras dioesir.

Teu kenging di dinja matoeh, ka mana kahajang abdi, barang barang sadajana, sina dibantoen koe abdi, asal bae daek leumpang, kasmaran ngagentos dangding.

ASMARANDANA.

Ka abdi bangoena lodjid. ningali ge teu ka loega, eta entjeuk margina teh noe mawi abdi teh heran anoe mawi tjek emoetan, abdi di dieu rek njoempoet, djeung barang barang sadaja.

Soepados disangka abdi, leumpang ka nagara lian, engke ari manahna teh, parantos lilih malikan, sareng abdi hojong terang naha andjeuna teh atoeh, bogoh ka djalma noe lian.

Ti dieu mah katingali, saoepami aja djalma, anoe lebat ka rorompok, tangtos koe abdi katingal, hidji hidjina djalma. kitoe oge oelah geroeh. entjeuk oelah sasaoeran.

Da moal nembongkeun abdi, sareng meungpeung tatjan moelang, andjeuna di kantor keneh, barang barang sadajana, koe abdi teh rek dibawa, gampil engke ari wangsoel, tjaket ieuh moal sesah

Ti dinja saoer nji komis, Enden teu sae kitoe mah, bilih entjeuk kapi awon, sareng ka Enden karoenja, Enden sabar bae heula, sanes pisan entjeuk emboeng, koe Enden teh ditjiijingan. Bilih djoeragan tingali, awona mah ka sadaja entjeuk awon Enden awon, sareng eta teh larangan. ari atjan dikeser mah angkat henteu poegoeh poegoeh, bilihna didakwa mantjal

Soegan bae ana moelih, ti kantor lilih manahna, ajeuna mah sabar bae, gampil engke moen keukeuh mah, keukeuh miwarangan leumpang, Enden mangga bae atoeh, barang teh di entjeuk toenda.

Kitoe oge barang alit mah taja tempatna, bangsa belah petjah bae, saoer Enden noehoen pisan, sawios anoe ageung mah, engke manawi kapajoen, aja anoe bade lelang

Engke abdi bade ngiring, rek noempangkeun barang barang, sadajana barang tangtos, koe abdi bade didjoeal, ari geus djadi artos mah, gampil sanaos dibantoen, teu ridoe sapertos barang.

Nja ari hojong mah abdi, oelah doegi pipisahan, ka engkang teh abot keneh, saoepami engkang doengkap, ti kantor bear manahna, tangtos abdi nadar kaoel, dir menggah pikeun abdi mah

Henteu hojong gadoeh deui, awal ti anoe ajeuna, hojong doegi pakokolot. oelah intjah balilahan, katambah kenging sorangan, sanaos sepoeh teu roedjoek koemaha da abdi soeka.

Jaktosna mah sepoeh abdi, sadajana henteu rempag, addi nikah ka dinja teh ari kapalaj sepoeh mah, kedah nikah ka baraja, nameung hate abdi pengkoeh, henteu kenging diomongan.

Da kabogoh ti aalit, abdi teh ka kang Soera'man, ti alam sakola keneh, katambah engkang katjida, ka abdi teh njaahna, moeng nembe ajeuna kitoe, estoening koe matak heran

Tjing entjeuk bantoe moemoedji, ka Goesti anoe kawasa, soepados paneda loengsong, doeh entjeuk koema petana, oepami abdi dipirak, ka mana apdi njalindoeng, djeung saderek mah teu betah.

Tjobi bae geura pikir, saraos raosna noempang, kantenan geus moal raos, atanapi oepamina abdi gadoeh padamelan, moal raos da toemamoe, da biasa imah imah.

*Teraskeuneun.*